



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 390 MILYON DOLA NAN FINANMAN
POU KONSTRI PLIS PASE 1,600 KAY ABÒDAB AK SIPÒ NAN ETA NEW YORK**

***Gen ladan 61.4 milyon dola pou 202 kay abòdab nan Saratoga Springs, 40.1
milyon dola pou konplèks lojman abòdab ak sipò nan Buffalo, 20.4 milyon dola
renovasyon koperativ Mitchell-Lama nan Harlem***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te akòde plis pase 390 milyon dola obligasyon ak sibvansyon pou kreye oswa prezève 1,600 kay nan pri abòdab, ki dirab epi ki bay sipò atravè eta a. Lè yo asosye ak finansman ak resous prive adisyonèl, dis pwojè k ap resevwa finansman yo prevwa kreye plis pase 600 milyon dola nan investisman an jeneral ki pral ede efò devlopman ekonomik lokal yo epi avanse angajman New York pou ogmante rezèv opòtinite lojman an sekirite, ki sekirize epi ki sen pou moun ak fanmi yo atravè eta a.

"Pandan eta nou an ap fè fas ak yon kriz lojman grav, investisman sa a pou kreye ak prezève plis pase 1,600 nouvo kay make yon etap enpòtan nan abòde mank lojman nan New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konstwi, prezève, ak estabilize rezèv lojman nou an se yon pi gwo priyorite pou administrasyon mwen an, epi mwen rete angaje nan pote solisyon - tankou New York Housing Compact - pou asire ke nou gen ase ojman, ki an sekirite, ak abòdab pou nenpòt moun ki vle rele New York lakay."

Finansman an rive posib gras ak emisyon obligasyon sezon oktòb ak desanm 2022 Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ki bay 231.2 milyon dola obligasyon pou lojman ki enpozab ak obligasyon ki gen egzanpsyon fiskal yo ak 159 milyon dola finansman sibvansyon, ki enkli finansman 2.7 milyon dola atravè Inisyativ Enèji Pwòp Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA).

Sibvansyon yo enkli:

Rejyon Kapital

61.6 milyon dola pou Tait Lane Reserve nan vil Saratoga Springs. Pwojè a pral kreye 202 apatman abòdab atravè yon konbinezon batiman an ranje ki gen twa etaj mache san asansè. Pral gen dis apatman rezève pou moun ki fè eksperyans sanzabri ki

finanse atravè yon prim Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki administre pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la. Pwojè sa a te resevwa 148,200 dola nan pwogram nouvo konstriksyon rezidansyèl ki ba NYSERDA.

Devlopman an se rezilta yon rezonaj pou pèmèt plis bilding rezidansyèl nan zòn ki gen anpil opòtinite sa a.

51.5 milyon dola pou Taylor I Apartment nan vil Troy. Yo pral demoli de pwopriete Otorite Lojman Troy (Troy Housing Authority) ki vid epi ki demode epi ranplase PA yon bilding sèt etaj ki fèk konstwi ki gen 141 apatman ak plis pase 2,000 pye kare espas komèsyal nan premye etaj la. Tout apatman yo pral kouvri pa kupon Seksyon 8 ki baze sou Pwojè ke Troy Housing Authority bay. Taylor I se yon pwojè priyorite pou plan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ki fèt pou renove zòn bò rivyè a nan South Central Troy.

Finger Lakes

43 milyon dola pou Marketplace Senior Apartments nan vil Henrietta nan Konte Monroe. Batiman ki gen kat etaj la pral prezante 150 apatman abòdab ak 45 kay rezève pou rezidan ki gen 55 ane ak plis ki bezwen sèvis sipò pou viv yon fason endepandan. Sèvis sou plas yo pral finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York ap administre. Konsepsyon ki trè efikas nan enèji a sipòte pa yon prim 825,000 dola ki soti nan Inisyativ Enèji Pwòp Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la.

Vil New York

44.7 milyon dola pou Bedford Green House Faz II nan seksyon Fordham Heights nan Bronx. Bilding ki gen 17 etaj la pral ofri 116 apatman abòdab ak 70 apatman ki rezève pou moun ki fè eksperyans sanzabri yo. Rezidan sa yo pral gen sibvansyon lwaye ak sèvis ki finanse atravè prim yon Inisyativ Lojman Sipò Empire State ke Biwo Sante Mantal Eta New York ap administre. 46 apatman ki rete yo pral pou fanmi ak granmoun aje ki gen 62 ane oswa plis. Devlopman an pral loje tou yon klinik medikal ki mezire 2,300 pye kare k ap ofri sèvis pou rezidan yo ak kominote ki ozalantou a.

44.2 milyon dola pou Shepherd Glenmore nan katye East New York nan Brooklyn. Bilding sèt etaj la pral ofri 123 kay abòdab ak 74 apatman ki rezève pou moun ki fè eksperyans sanzabri akòz enplikasyon lajistis penal, maladi itilizasyon sibstans, oswa maladi mantal. Sèvis ak sibvansyon lwaye yo pral finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State ke ki administre pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la. Yo pral rezève uit apatman adisyonèl pou granmoun aje yo. Bilding ki efikas an enèji a pral gen yon sistèm solè ki monte sou do kay la pou jenere elektrisite sou plas.

27.5 milyon dola pou Crotona Belmont Senior Housing nan katye East Tremont nan Bronx. Bilding dis etaj la pral genyen 134 apatman abòdab pou granmoun ki gen 62 ane oswa plis. Gen 41 apatman ki rezève pou granmoun aje ki te sanzabri yo ki pral

gen sèvis sipò ki finanse pa yon sibvansyon Administrasyon Resous Imèn Vil New York la. Tout kay yo pral resevwa asistans pou lokasyon atravè Koupon Seksyon 8 ki Baze sou Pwojè ki administre pa Otorite Lojman Vil New York la.

20.4 milyon dola pou River View Towers nan katye Hamilton Heights nan

Manhattan. Pwojè a pral finanse amelyorasyon kapital nan koperativ Mitchell-Lama ki gen 25 etaj la ki sou sipèvizyon eta a ki gen 385 kay abòdab. Okòmansman li te konstwi an 1964, bilding lan bezwen amelyorasyon tankou ranplasman twati ak rediksyon amyant, ranplasman chodyè ak kanalizasyon ki asosye, nouvo fenèt ak pòt balkon, ak reparasyon masonri. Yo prevwa amelyorasyon yo ap amelyore efikasite enèji epi redwi itilizasyon gaz nan bilding lan nan 14 pousan Pwopriyete a se River Towers, Inc.

Rejyon Mid-Hudson

39.6 milyon dola pou Stuyvesant Apartments nan vil Kingston. Pwojè a enplike reyabilitasyon yon devlopman lojman ki gen 120 apatman ki afilye ak Otorite Lojman Kingston (Kingston Housing Authority) lan. Konstwi okòmansman an 1972 nan kad pwogram Seksyon 236 Depatman Lojman ak Devlopman Iben an, bilding lan pral sibi anpil reparasyon ak ranplasman sistèm pou pwolonje lavi itil bilding lan, amelyore sekirite ak kalite lavi pou rezidan yo, epi ogmante efikasite enèji. Lè yo finanse reparasyon sa yo ki nesèsè anpil, finansman pwojè a pral ede prezève abòdabilite alontèm pou rezidan bilding lan.

Western NY

17.7 milyon dola pou pwojè nan Sit ki Dispèse Magnolia Housing lan nan Konte Erie ak Niagara. Pwojè a pral sipòte prezèvasyon abòdabilite ak reyabilitasyon modere nan kat devlopman lojman abòdab ki egziste deja ki finanse pa eta ak yon total 96 apatman. Bilding yo gen ladan Austin Manor ak Gratwick Manor, tou de nan Buffalo; Haskell Stovroff nan vil Cheektowaga; ak Elizabeth Harvey nan vil North Tonawanda. Amelyorasyon yo espere ogmante efikasite enèji nan omwen 20 pousan atravè enstalasyon nouvo aparèy, fenèt, ekleraj LED, sistèm HVAC, ak aparèy chofaj dlo.

40.1 milyon dola pou Pan American Square nan katye North Park nan Buffalo.

Devlopman an pral gen ladan twa bilding ki gen kat etaj ki konstwi sou tè vid ak yon total 150 kay. Yo pral rezève katreven apatman pou moun ki gen maladi mantal epi y ap sipòte pa pwogram Okipasyon Chanm Endivisyèl Rezidans Kominotè Biwo Sante Mantal Eta New York la. Yo pral mete 20 kay adisyonèl pou granmoun k ap fè fas ak eksperyans sanzabri epi ki pral finanse atravè yon prim Inisyativ Lojman Sipò Empire State ki administre pa Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York. Bilding yo fèt pou satisfè nòm elve dirabilite epi yo te resevwa yon prim 1.9 milyon atravè Inisyativ Enèji Pwòp Ajans Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Anons jodi a ap baze sou ajanda solid Gouvènè Hochul pou elaji yon fason sinifikatif pwodiksyon lojman atravè New York. Avni eta nou an depann de envèstisman

tankou sa yo ki ofri kay dirab, ki sen ak sekirize pou vwazen nou yo epi elaji aksè ak resous ak opòtinite nan tout kominote yo. Lè nou akòde finansman pou dis devlopman sa yo, nou ka ede plis pase 1,600 kay reyalize establite, viv yon fason abòdab, epi rete nan kominote yo rele lakay yo. Felisitasyon pou tout patnè devlopman ak finansman nou yo pou reyalizasyon fòmèdab sa a."

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Lojman ki estab, ki an sekirite se yon pati enpòtan nan pwosesis rekiperasyon an. Pwojè lojman sipò sa yo ap ede moun ki gen maladi mantal yo viv ak pwospere nan pwòp kay yo ak kominote pa yo. Gouvènè Hochul te yon gwo defansè epi li kontinye efò li pou asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak sèvis sante mantal."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Devlopman yo ap finance yo se yon refleksyon angajman Gouvènè Hochul pou elaji yon fason sinifikatif disponiblite lojman abòdab ki bay sipò atravè Eta New York. Lojman sipò bay non sèlman yon kote pou viv, men sèvis ki nesèsè pou asire ke ansyen moun ak fanmi ki sanzabri yo ka rete loje yon kote ki estab. Nou kontan travay an kolaborasyon ak patnè eta ak lokal nou yo sou pwojè sa yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Pwofite sipò piblik ak prive pou ogmante lojman ekolojik dirab se eleman santral nan objektif lojman abòdab Gouvènè Hochul la pandan n ap devlope yon ekonomi enèji pwòp ekitab atravè Eta New York. Atravè patenarya nou ak HCR, pwojè tankou sa yo resevwa asistans teknik ak ankourajman ki sipòte enkòpore ekipman efikas enèji ak enèji renouvlab pwòp nan alafwa nouvo bilding ak bilding ki deja egziste yo, sa ki ede ankouraje kominote ki pi an sante pou jenerasyon k ap vini yo."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Lojman ki estab esansyèl pou nou tout, toutan an. Enstabilite lojman agrave pwoblèm sante ak kondwi plis inegalite sante. Nouyòkè k ap fè fas ak ensètitud lojman yo fè eksperyans plis ak maladi timoun ak maladi kwonik yo. Gouvènè Hochul vrèman konprann ke investi nan opòtinite lojman pral peye gwo dividann nan asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè ak yon lojman an ki sekirize ak abòdab pou tout Nouyòkè yo."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Eta New York ap fè fas ak yon kriz lojman ki vrèman san parèy, epi bezwen pou yon kote ki abòdab, aksesib epi ki estab pou Nouyòkè yo rele lakay yo te pa janm pi gwo. Lè nou konsidere sa, anons Gouvènè Hochul pou plis pase 390 milyon dola nan finansman pou lojman abòdab—soti nan pwopriyete NYCHA yo, pase nan lojman sipò, rive nan konplèks k ap sèvi kominote granmoun aje yo—se yon devlopman yo akeyi. Avèk plis Nouyòkè k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri pase nenpòt ki lè depi Gran Depresyon an, nou pa ka oze pou nou pran mwaye mezi. Alokasyon sa yo reprezante yon premye etap ankourajan nan abòde yon kriz ki mande tout efò nou."

Ajanda Lojman Gouvènè Hochul la

Nan Bidjè Ane Fiskal 2023 Eta a, Gouvènè a te entwodui epi li te reyisi sekirize yon plan lojman konplè sou senk an ki koute 25 milya dola, k ap ogmante apwovizyonman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab nan New York, ki enkli 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

New York Housing Compact (Kontra Lojman New York), yon estrateji konplè, ki gen plizyè pati, gen ladan egzijans patisipasyon lokal yo ak ankourajman pou atenn kwasans lojman nan chak kominote pou chak pati nan Eta a vin yon patnè nan rezoud kriz ijan sa a. Plan an pral egzije tou minisipalite ki gen estasyon tren MTA yo pou yo refè dekoupaj teritwa lokalman pou devlopman rezidansyèl ki gen pi gwo dansite.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418